

*This flyer was translated by the Haitian American Museum of Chicago*



Resous sa a fèt pou ede imigran ak fanmi yo konprann pi yen kisa pou yo fè lè ofisye imigrasyon yo arete yon mou. Pou plis enfòmasyon sou dwa imigran, vizite: [immigrantjustice.org/KnowYourRights](https://immigrantjustice.org/KnowYourRights).

## Bagay pou ou fè touswit

### 1. Mande zanmi/fanmi ou an pou nimwo Etranje yo a (se yon nimewo ki kòmanse ak A#)

- An jeneral, nimewo sa a gen 9 chif ladan l
- Ajan Imigrasyon yo ap ba moun nan nimewo sa a lè yo fenk arete li
- Si zanmi/fanmi w lan te ranpli yon aplikasyon imigrasyon avan sa a, li posib li te deja genyen yon nimewo etranje (A#) sou nenpòt lòt dokiman imigrasyon li posede.
- Si yo te arete zanmi/fanmi w lan sou fwontyè a epi apresya yo te kite l rantrè Ozetazini, l ap genyen yon nimewo A# sou papyè imigrasyon li deja.

### 2. Kijan pou ou rive jwenn yon moun ajan imigrasyon te arete

- Sèvi ak lyen sa a pou w ka rive jwenn zanmi/fanmi w lan si ajan imigrasyon rive arete li: <https://locator.ice.gov/odls/#/search>. Fòk ou ekri nimewo A# moun nan ak peyi kote li te fèt la oswa nenpòt lòt enfòmasyon sou lavi moun lant ankou laj li, dat li te fèt, elt.
- Imigrasyon gen enfòmasyon sou sant detansyon li yo sou sit li (adrès yo ak kijan pou ou kontakte yo): <https://www.ice.gov/detention-facilities>

### 3. Kominikasyon/Vizit

- Lè ou fin sèvi ak lyen ki te pi wo a, depi ou rive localize zanmi/fanmi ou an, ou kapab kontakte sant detansyon li an pou ou kapab pwograme apèl oswa vizit.
- Chak sant detansyon gen pwosesis pa li pou li etabli kont telefonik pou fanmi/zanmi ou an kapab rele ou. Fòk ou rele sant detansyon an pou ou cheche etabli yon kont telefonik pou zanmi/fanmi ou an.
- Menm jan an tou, rele sant detansyon an pou ou kapab jwenn enfòmasyon sou kijan ou kapab voye lajan pou moun ou an si ou ta vle pou li gen mwayen pou li achte bagay bazik oswa manje nan sant detansyon an.

### 4. Rapòte nenpòt ki fouy ajan imigrasyon ou wè

- Ekri detay yo yon kote kou ou kapab
- Rele ICIRR nan nimewo ijans li ki se: 1-855-HELP-MY-FAMILY (1-855-435-7693)  
Yo gen lang Anglè/Espanyòl/Koreyen/Polonè.

#### 5. Rasanble tout dokiman imigrasyon ak kriminèl si moun nan ta genyen

- Ranmase tout aplikasyon imigrasyon moun nan te ranpli avan yo arete li a ak tout lèt ki di imigrasyon te resevwa aplikasyon li an/yo.
- Rasanble tout rapò lapolis, pyès prèv, dokiman akizasyon ak kondanasyon.

#### 6. Kijan pou ou rive jwenn enfòmasyon sou tribunal imigrasyon kote moun nan ap oblije ale

- Si ou sèvi ak nimewo A# li an, ou kapab jwenn ki pwochen fwa zanmi/fanmi ou an gen pou li ale devan jij imigrasyon: <https://acis.eoir.justice.gov/en/> or call 1-800-898-7180.

## Eske moun mwen an ap gen yon odyans nan tribunal?

### 1. Kiyès ki pa gen dwa pou li jwenn yon odyans nan tribunal?

Moun sa yo PA gen dwa jwenn odyans nan tribunal epi yo kapab depòte yo san yo pa pase devan jij:

- **Lòd depòtasyon ki poko egzekite:** Moun yon jij te deja bay lòd pou yo te depòte, yon moun ki te pèdi ka imigrasyon li an oswa ki pa t elijib pou yon odyans nan tribunal.
- **Moun yo te depòte déjà:** Ajan imigrasyon gen dwa pou yo depòte nenpòt ki moun yo te depòte deja menmsi se moun yo te depòte an ijans san yo pa t jwenn yon odyans nan tribunal.

*Pou ou kapab konnen si gen yon lòd ki déjà bay pou yo depòte moun ou an oubyen pou ou kapab konnen si yo te depòte li yon fwa déjà ou kapab ale sou sit tribinal imigrasyon an ki se: <https://acis.eoir.justice.gov/en/>*

- **Ajan imigrasyon gen dwa pou yo depòte san yo pa pase devan jij tout moun ki te kòmèt krim ki grav:** nenpòt ki moun ki te jije paske li te komèt yon krim lwa imigrasyon yo idantifye tankou krim grav ak moun ki pa gen papye ki pwouve stati legal yo kòm imigran.

*Pou moun ki te gentan jwenn depòtasyon yo yon fwa oswa ki te komèt krim grav men ki pè tounen nan peyi yo, moun say o ap gen dwa pou yo jwenn yon Entèvyou Laperèz Rezonab (RFI) ak yon Ofisye Azil. Si yo reyisi entèvyou sa a, y ap jwenn dwa pou yo pase devan yon jij imigrasyon pou yo kapab jwenn pwoteksyon sou baz laperèz yo a. Depi ou pè tounen nan peyi ou, di nenpòt ajan imigrasyon ou rankontre sa a.*

- **Lòd depòtasyon rapid:** Ajan imigrasyon kapab depòte rapid vit tout moun ki pa sitwayen Ameriken yo kenbe sou fwontyè a oubyen tou pre fwontyè a. Sèl jan pou moun say o rive jwenn yon odyans nan tribunal se si yo di yo pè tounen nan

peyi yo epi reyisi yon Entèvyou Laperèz rezonab ak yon Ofisyè Azil.

## 2. Kiyès ki gen dwa pou li jwenn yon odyans devan jij?

Tout moun ki pa sitwayen Ameriken, moun ki gen kat rezidans ak moun ki ap viv Ozetazini san yo pa gen papye AP gen dwa pou yo mande pase devan yon jij imigrasyon pou yo kapab cheche kanpe lòd depòtasyon ki sou yo a.

- **Notice to Appear (NTA) Lòd pou parèt devan jij imigrasyon:** Sèvis imigrasyon ap bay yon dokiman ki akize moun nan dèske li se yon imigran ilegal nan peyi Etazini. Dòkiman sa kòmanse pwosesis depòtasyon moun nan: li rele “Notice to Appear” (NTA). An jeneral dat odyans ki sou dokiman sa a pa kòrèk. Tribinal la gen pou li fè soti yon nouvo lèt odyans apre li fini ak tout pwosedi ki gen a wè ak NTA an. Si imigran an nan detansyon, tribinal lan ap pran 2-4 semèn pou li pwograme premye odyans imigran an. Toujou chache verifye sit tribinal la pou ou jwenn tout dènye enfòmasyon sou ka a.
- **Kisa ki pral pase:** An jeneral yon imigran ap gen pou l pase plizyè fwa devan jij pandan pwosesis depòtasyon li an. Si ou mande plis tan pou ou kapab jwenn yon avoka, sa rive souvan pou jij lan pwograme yon nouvo odyans ki pou fèt nan 2-3 semèn. Konsa jij la ba ou yon chans pou ou chèche yon avoka. Li pa fasil pou yo depòte yon imigran depi sou premye odyans li devan jij sof si imigran an mande spesifikman pou yo depòte li.
- **Kijan ou kapab fè pou ou asiste nan yon odyans:** Si moun ou an gen pou li pase devan tribinal imigrasyon vil Chicago a, ale sou sit tribinal la pou ou kapab jwenn enfòmasyon sou kijan ou kapab asiste nan odyans lan:  
<https://www.justice.gov/eoir/chicago-immigration-court>.

An jeneral, odyans moun ki nan sant detansyon yo fèt nan konferans videyo epi enfòmasyon sou kòman yon moun kapab asiste yo la a:

<https://www.justice.gov/eoir/find-immigration-court-and-access-internet-based-hearings>

---

## Eske yo ka bay moun mwen an libète kondisyonèl?

Se pa tout moun ki kalifye pou yo libere sou kosyon. Se dosye imigrasyon ak dosye kriminel moun nan ki detèmine si li elijib pou liberasyon kondisyonèl ou pa. Pa egzanzp, imigran ki jwenn lòd depòtasyon yo, ki te gentan depòte anvan sa deja, oswa ki te kondane pouk rim grav pa elijib pou libète kondisyonèl.

Imigran ki te kondane pouk rim yo te komèt oblije rete nan detansyon sav le di jij la paka ba yo libète kondisyonèl. Lòt imigran ki nan mitan pwosesis depòtasyon yo gen dwa mande yon odyans pou jij la ba yo libète kondisyonèl. Chak moun gen dwa pou li jwenn yon sèl odyans pou libète kondisyonèl, se sa k fè li pi bon pou yon moun jwenn yon avoka fè demand lan pou li oswa pou pi piti pou avoka sa a mande yon pwolongasyon pandan premye odyans lan pou moun nan kapab prepare lèt soutyen ak lòt prè li ap bezwen pou odyans lan.

Resous ki nan fen dokiman sa a genyen plis konsèy sou libète kondisyonèl.

---

## Kijan pou yon moun jwenn yon avoka oswa yon reprezantan

Tribunal imigrasyon an pa garanti ou pou ou jwenn yon avoka gratis si ou pa kapab peye youn pou pwòp tèt ou.

Pi ba a w ap jwenn kèk konsèy sou kòman ou kapab jwenn avoka ki gratis oswa avoka prive ki kapab ede ou. Si ou pa gen yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan legal, ou sipoze mande jij la pou li ba ou plis tan pou ou jwenn yon reprezantan. Li kapab difisil pou ou jwenn yon moun ki disponib, se sa ki fè ou dwe kontakte plizyè biwo a la fwa.

Fè pridan pou ou pa pran nan fwod. Notè pa toujou avoka Ozetazini ni tou yo tout pa kapab pratike lalwa oswa parèt nan yon tribunal imigrasyon. Toujou asire ou pou ou chwazi yon reprezantan ki gen eksperyans nan imigrasyon paske lwa imigrasyon yo konplike. Verifye nan bawo local eta kote w ap viv la avèk nan list avoka imigrasyon ki sètifye pou ou gen garanti moun ou chwazi pou reprezante w lan gen bon repitasyon: <https://www.justice.gov/eoir/list-of-currently-disciplined-practitioners>

W ap jwenn yon lis resous pou ou jwenn yon avoka oswa yon reprezantan pi ba a. NIJC pa garanti òganizasyon sou lis sa a ap kapab reprezante ou epi NIJC pa responsab sèvis òganizasyon sa yo ap ba ou.

- **National Immigrant Justice Center (NIJC):** Si yo arete ou oswa si ou ap rele pou ou on moun yo arete, rele Pwojè Detansyon NIJC a nan: (773) 672-6599 chak madi soti 11è nan maten rive 2è nan aprè midi nan lè Santral la. Moun yo arete yo dwe rele nan (312) 583-9721 oswa sèvi ak platfòm gratis la ak tout kòd 3 chif NIJC a: 565. <https://immigrantjustice.org/contact-us>
- **Midwest Immigrant Defenders Alliance (MIDA) ki se Alyan Defansè imigran Midwès:** Ofri sèvis legal gratis bay imigran ki nan detansyon atravè « National Immigrant Justice Center (NIJC) », « The Resurrection Project (TRP) », « The Immigration Project (TIP) », ak « Law Office of the Cook County Public Defender (CCPD) ». Si yon reprezantan MIDA prezan nan jou premye odyans ou, ou ka jwenn opòtinite pou ou mande pou yon reprezantan gratis men reprezantasyon MIDA pa toujou disponib. <https://immigrantjustice.org/midwest-immigrant-defenders-alliance>
- **Lis referans avoka ICIRR nan Illinois:** <https://www.icirr.org/resources>
- **Lis avoka ak reprezantan gratis tribunal imigrasyon an:** <https://www.justice.gov/eoir/recognized-organizations-and-accredited-representatives-roster-state-and-city>
- **Lis Avoka imigran:** <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/>
- **Lis avoka Asosiyasyon avoka imigrasyon ameriken:** <https://ailalawyer.com/>

---

## Resous an pli pou ou kapab konprann ka ou la

- **Liv NIJC pou moun ki nan detansyon konnen dwa yo:** <https://immigrantjustice.org/know-Your-Rights/Detained-Pro-Se-Manual>

- **Lòt resous NIJC genyen ki gen a wè ak “konnen dwa ou:**  
<https://immigrantjustice.org/know-your-rights>
- **Zouti pou ou ede tèt ou nan Tribinal imigrasyon:** <https://www.justice.gov/eoir/self-help-materials>
- **Gid sou kòman pou ou peye pou libète kondisyonèl òganizasyon Echanj pou Jistis Kominotè:** <https://www.communityjusticeexchange.org/en/resources-all/cebondsguide>
- **ACLU: Kisa pou ou fè lè ou ap entèraji avèk Sèvis Imigrasyon:**  
<https://www.aclu.org/we-have-rights>